



Pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa Pa kite okenn timoun ret dèyè *No Child Left Behind* (NCLB) pou ane akademik 2009-2010

PAKE ENFOMASYON POU PARAN

Materyèl ki genyen nan anvlòp sa a

- Lèt motivasyon ak Pwosedir pou w ranpli aplikasyon an
- Pake enfòmasyon pou paran
- Fòm Aplikasyon pou w mande transfè
- Anvlòp ki tou gen tenb lapòs ak adrès nou sou li

Pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB pou ane akademik 2009-2010

PAKE ENFÒMASYON POU PARAN

TABDÈMATYÈ

MO BYENVENI AK DAT ENPÒTAN.....	1
LÈ W AP FÈ CHWA.....	2
KESYON MOUN POZE SOUVAN <i>FREQUENTLY ASKED QUESTIONS</i> (FAQ)	
PWOSESIS APLIKASYON AN.....	4
RESPONSABLITE LEKÒL.....	5
TRANSPÒ.....	6
LÒT RESOUS: KI MOUN KI KA EDE M?.....	7



Èske nou genyen adrès ak nimewo telefòn ou genyen kounye a?
Tanpri bay lekòl pitit ou a tadrès ak nimewo telefòn ou genyen kounye a.

BYENVENI NAN PWOGRAM CHWA LEKÒL LETA DAPRE NCLB POU ANE AKADEMIK 2009-2010

Pitit ou a kalifye pou patisipe nan pwogram Chwa lekòl leta dapre NCLB paske yo idantifye lekòl li ye a kòm yon Lekòl ki bezwen amelyorasyon *School in Need of Improvement* (SINI) oswa kòm yon lekòl yo mete sou lis pou Evalyasyon *School Under Registration Review* (SURR) dapre kritè akonplisman leta Nouyòk etabli. Pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB bay paran elèv ki kalifye opòtinite pou mande yon transfè nan yon lekòl ki pa yon SINI ni yon SURR.

Pitit ou a kalifye pou patisipe paske li :

- ✓ Nan yon lekòl SINI oswa SURR Tit I kounye a, epi
- ✓ Li nan klas Jadendanfan - 7yèm ane oswa klas 9yèm- 11yèm ane, epi li PA nan dènye klas lekòl la.

Paegzanp, elèv klas 5yèm ane ki nan yon lekòl ki gen Jadendanfan jiska 5yèm ane pa kalifye pou patisipe nan pwogram lan paske yo nan dènye klas lekòl yo a rive a. Okenn elèv klas 8yèm ane pa kalifye. Yo patisipe nan Pwosis Admisyon nan lekòl segondè Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE).

Poutèt sa, gen de chwa ki disponib pou pitit ou a fè :

- 1) Rete nan lekòl li ye a.
-- OSWA --
- 2) Mande yon transfè nan yon lekòl ki pa yon SINI ni ki pa yon SURR, epi ki gen yon plas disponib pou pitit ou a.

Nou mete lekòl sa yo dirèkteman nan Fòm Aplikasyon pou Transfè a Transfer Application Form (kin an anvlòp la). Lè w chwazi lekòl ki kòrèk la pou pitit ou, sa vin yon eksperyans ki bay satisfaksyon. Nan pake sa a w ap jwenn zouti ke w bezwen pou ede w fè yon bon chwa.

DAT ENPÒTAN

Dat	Aktivite
6 -14 Me 2009	Sesyon enfòmasyon pou paran (al gade paj ki vin apre a pou wè dat ak kote y ap fèt).
Vandredi 22 Me*	Dat limit pou soumèt Fòmilè aplikasyon pou mande transfè yo pa lapòs.
Fen Jen	N ap poste lèt sou desizyon nou pran konsènan demann transfè yo ba paran oswa gadyen yo (sèlman pou elèv ki te soumèt Aplikasyon pou mande transfè).
Kòmansman Jiyè**	Dat limit pou soumèt Fòmilè Repons la pa lapòs pou di si w ap aksepte oswa si w a p refize òf yo fè w sou lekòl pou w transfere pitit ou a : (sèlman pou elèv yo fè yon òf transfè).
8 Septanm***	Premye jou lekòl pou ane akademik 2009-2010 : Elèv ki te aksepte òf transfè yo te fè yo nan lèt nou te voye ba yo pa lapòs ap kòmanse ale nan nouvo lekòl yo a.

*Si w pa soumèt Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a nan delè a ou sipoze soumèt li a, n ap detèmine ke ou decide pa mande transfè. Pitit ou a ap rete nan lekòl li ye kounye a.

**Si w pa soumèt Fòmilè Repons lan nan delè ou sipoze soumèt li a, n ap detèmine ke ou decide pa aksepte lekòl nou ofri w pou transfere pitit ou a. Pitit ou a ap rete nan lekòl li ye kounye a.

*** Charter schools yo ka kòmanse avan 8 septanm 2009. Si pitit ou a resevwa yon òf transfer nan yon charter school leta, Lè sou Desizyon Transfè a ap gen ladan l dat premye jou lekòl la.

LÈ W AP CHWAZI : TWA ETAP POU W JWENN PI BON LEKÒL LA POU PITIT OU A

Jwenn pi bon lekòl la pou pitit ou a ka sanble boulvèsan, men sa vo lapèn epi DOE ka ede w. Li enfòmasyon ki pi ba a anvan ou ranpli Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a.

1YE ETAP : Patisipe nan yon Sesyon enfòmasyon pou paran

Nou envite w nan yon Sesyon enfòmasyon pou paran. Se opòtinite w genyen pou w poze kesyon, ak pou w jwenn enfòmasyon enpòtan osijè Chwa lekòl leta ak pwosesis aplikasyon an. N ap ankouraje tout paran patisipe. N ap sèvi ti rafrechisman lejè.

Borough	Dat	Lè	Lokal lekòl la	Adrès
<i>Brooklyn</i>	Jedi, 14 me 2009	6è00-8è00 pm	Andries Hudde Junior High School	2500 Nostrand Avenue
<i>Brooklyn</i>	Lendi, 11 me 2009	6è00-8è00 pm	Brooklyn Technical High School	29 Fort Greene Place
<i>Bronx</i>	Madi, 12 me 2009	6è00-8è00 pm	Roosevelt Educational Campus	500 East Fordham Road
<i>Bronx</i>	Mèkredi, 13 me 2009	6è00-8è00 pm	Roosevelt Educational Campus	500 East Fordham Road
<i>Manhattan</i>	Mèkredi, 13 me 2009	6è00-8è00 pm	Stuyvesant High School	345 Chambers Street
<i>Manhattan</i>	Mèkredi, 6 me 2009	6è00-8è00 pm	Louis D. Brandeis High School	145 West 84 th Street
<i>Queens</i>	Mèkredi, 6 me 2009	6è00-8è00 pm	Aviation High School	45-30 36 th Street
<i>Queens</i>	Jedi, 7 me 2009	6è00-8è00 pm	John Adams High School	101-01 Rockaway Blvd

2YÈM ETAP : Konsidere pitit ou a ak fanmi w

Pandan w ap gade lis lekòl ki vini ak Fòmilè aplikasyon pou mande transfè a, poze tèt ou kesyon sa yo : konsidere eksperyans pitit ou a nan lekòl li ye kounye a lè w ap reponn kesyon sa yo.

Bezwen pitit ou a ak fason li aprann


- Ki meyè fason pitit ou aprann ? Èske li itilize imaj, foto, ak desen pou òganize enfòmasyon lè l ap aprannyon ? Èske l aprann pi byen latravè lekti ak redaksyon? Èske l aprann pi byen lè l aji?
- Èske pitit ou a bezwen fè travay ki pou mande l fè plis efò? Èske l mande pou yo ba l atansyon patikilye?
- Anjeneral èske pitit ou a bezwen plis èd oswa plis tan pou fin fè yon devwa?
- Èske pitit ou a renmen aprann angwoup oswa èske li pi pito travay poukont li?
- Èske w vle pitit ou a ale nan yon lekòl ki gen anpil elèv ak yon kominote ki ofri anpil opsyon akademik ak anpil aktivite ki pa fè pati pwogram akademik lan?
- Èske w vle pitit ou a ale nan yon lekòl ki pa gen anpil elèv ak yon kominote kote w konnen pifò pwofesè ak elèv yo?

Trajè pitit ou a ap gen pou fè chak jou :

- Èske w vle pitit ou a ale nan yon lekòl kote li ka mache sot lakay li pou l ale? Èske w vle pitit ou a ale nan yon lekòl kote li ka mache sot kote ou travay la pou l ale?
- Ki distans ou ta vle pitit ou a fè pou l sot lakay li pou l rive lekòl? Èske pitit iou a ap gen pou l monte otobis, tren oswa vwati ?

3YÈM ETAP : Fè rechèch

Nan seksyon sa a, nou bay eksplikasyon sou kèk zouti ki egziste pou ede w jwenn plis enfòmasyon sou tout lekòl NYC. N ap rekòmande w pran tout tan w pou rasanble enfòmasyon osijè lekòl ki enterese w yo.



Sonje, ou ka chwazi sèlman yon lekòl pami sa yo mete nan Fòmilè aplikasyon pou transfè a

- **Sondaj sou lekòl NYC (Sondaj sou anviwònman aprantisaj) *Learning Environment Survey*** rasanble enfòmasyon pwofesè, paran, ak elèv bay sou yon lekòl ki klas klas 6yèm jiska 12yèm ane. Men sijè ki gen nan Sondaj la : sekirite ak respè, atant akademik, kominikasyon, ak angajman paran, pwofesè ak elèv. Pou w ka gade rezilta sondaj la pou yon lekòl anpatikilye, al sou sit : www.nyc.gov/schools/Accountability/SchoolReports




Survey Quest se yon **nouvo** zouti sou Entènèt ki pèmèt paran gade rezilta Sondaj sou Anviwònman Aprantisaj yon lekòl, epi konpare l avèk rezilta lòt lekòl. Al sou sit ***Survey Quest*** la nan : www.nyc.gov/schools/surveys/quest

- **Evalyasyon kalite *Quality Reviews*** , ki baze sou vizit 2 jiska 3 jou edikatè ki gen eksperyans fè pou obsève klas yo, e pale ak paran, elèv ak anplwaye lekòl la, bay yon pi bon apèsi sou pwofil chak lekòl. Evalyasyon kalite mezire kòman lekòl yo evalye pèfòmans elèv, amelyore rezilta elèv, atenn objektif akademik yo, epi kòman yo planifye pou fòmasyon anplwaye lekòl la. Yo bay chak lekòl yon nòt total pou Evalyasyon kalite a ki ka eksepsyonèl *Outstanding* , byen devlope *Well Developed* , konpetan *Proficient* , anreta men konpetan sou kèk aspè *Underdeveloped with Proficient Feature*, oswa anreta *Underdeveloped* . Pou w gade Evalyasyon kalite pou yon lekòl anpatikilye, al sou sit : www.nyc.gov/schools/Accountability/SchoolReports
- **Rapò sou Pwogrè *Progress Reports*** bay chak lekòl yon nòt A, B, C, D, oswa F pou ede w konprann kòman yon lekòl ap mache - epi li konpare l ak lòt lekòl ki nan menm kategori avèk li. Nòt Rapò sou Pwogrè a anglobe rezilta Sondaj sou Anviwònman aprantisaj, Evalyasyon kalite, ak done sou pèfòmans akademik. Ni Rapò sou Pwogrè NYCDOE a, ni mezi responsablite dapre NCLB konsidere rezilta yo nan egzamen leta, epi yo fèt pou yonn konplete lòt. Pou w jwenn plis enfòmasyon osijè Rapò sou Pwogrè, epi pou w jwenn Rapò sou Pwogrè yon lekòl anpatikilye, al sou sit : www.nyc.gov/schools/Accountability/SchoolReports
- **Jwenn yon lekòl** sou sit wèb NYCDOE a. Zouti ki rele "Find A School" la pèmèt paran chèche yon lekòl byen presi ak jwenn aksè nan sit wèb lekòl la. Chak sit wèb lekòl gen ladan l enfòmasyon debaz sou fason pou kontakte l, sou kote li ye, sou pwogram li yo, epitou gen *links* pou w gade rapò ak estatistik sou lekòl la. Kontakte lekòl yo pou w jwenn plis enfòmasyon sou yo, oswa pou chèche planifye pou vizite yon lekòl. Se sou sit wèb NYCDOE a nan : www.nyc.gov/schools zouti ki rele "Find A School" la ye

KESYON MOUN POZE SOUVAN(FAQ) : PWOSESIS APLIKASYON AN

Kòman pou w mande yon transfè nan yon lekòl dapre pwogram Chwa lekòl leta Lwa NCLB a?

Ou dwe soumèt Fòmilè Aplikasyon pou Transfè a (ki nan pake sa a) pa lapòs avan 22 Me 2009. W ap jwenn lis lekòl ou ka chwazi yo nan Fòmilè Aplikasyon Transfè a.. Byen li eksplikasyon yo avan ou fè nenpòt chwa. Lekòl ki nan lis la se "receiving Schools" y oye paske yo pa sou lis SINI ni SURR..



Sonje , ou ka aplike sèlman nan yon lekòl yo mete nan aplikasyon an

Èske se yon pwogram obligatwa?

Non, nou ba w opsyon pou mande yon transfè pou pitit ou a. Si w vle pitit ou a rete nan lekòl li ye kounye a, tcheke "NON, mwen pa ta renmen mande yon transfè » nan seksyon « Mande yon transfè » ki nan Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a.

Èske mwen ka klase lekòl mwen chwazi yo?

Non. Ou pa gen pou klase lekòl yo nan lòd sou aplikasyon an. Yo ka mete pitit ou a nan nenpòt nan lekòl ou deside tyeke yo, kidonk chwazi sèlman lekòl sa yo ou ta renmen pitit ou a ale. Yo ka ofri w yon transfè nan nenpòt nan lekòl ou chwazi yo.

Kouman yo fè pou yo mete pitit mwen an nan yon lekòl?

Yo mete elèv yo nan yon lekòl dapre Lwa NCLB a, ki egzije pou yo bay elèv nan nivo pèfòmans kip a yo epi ki abite nan kay kip a gen anpil lajan k ap rantre, priorite.

Èske m gen garanti y ap ofri m yon transfè?

Non. Gen yon kantite plas limite ki disponib nan chak lekòl.

Si yo fè m yon òf pou transfè , èske mwen oblije aksepte l?

Non, ou pa oblije aksepte òf yo fè w pou transfè nan yon lòt lekòl. Tanpri, soumèt Fòmilè Repons Transfè a pou di ou refize òf yo fè w la.

KESYON MOUN POZE SOUVAN - RESPONSABILITE

Poukisa yo idantifye lekòl pitit mwen ye a kòm yon "Lekòl ki bezwen amelyorasyon"?

Lwa federal NCLB egzije chak eta tabli nòm akademik elve ak objektif akonplisman chak ane. Pwogrè anyèl sifizan *Adequate Yearly Progress* (AYP) se pi piti nivo pèfòmans distri lekòl yo ak lekòl yo dwe fè chak ane pou satisfè objektif sa a. Lekòl Tit I ki pa rive satisfè objektif AYP pou Konpozisyon angle *English Language Arts* (ELA), Matematik, Syans ak/oswa pousantaj elèv segondè ki gradye pandan omwen de dènye ane yo , yo mete yo sou lis SINI.

Pandan kèk lekòl SINI bay bon rezilta pou anpil elèv, yo pa amelyore pèfòmans yo ase pou tout elèv yo. Nan lòt sityasyon, yo mete lekòl yo nan lis SINI a lè pa gen ase elèv ki patisipe nan egzamen leta egzije yo.

Poukisa yo idantifye lekòl pitit mwen an kòm yon "Lekòl yo mete sou lis pou Evalyasyon *School Under Registration Review* (SURR)

Chak ane Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) mete lekòl sa yo ki pa ko prèt pou satisfè nòm ofisyèl Leta yo, epi ki plis bezwen amelyore nan kategori "SURR" la. Lekòl yo mete nan lis SURR, oblije aplike mezi entèvansyon leta egzije yo, epi yo dwe atenn objektif amelyorasyon leta endike yo sou twazan. Yo ka oblije fèmen lekòl SURR yo ki pa satisfè objektif sa yo.

Si pitit mwen an transfere nan yon nouvo lekòl, èske I ap kontinye resevwa sèvis edikasyon siplemantè *Supplemental Educational Services* (SES)?

Non. Elèv ki kalifye pou resevwa SES ap kalifye toutotan yo rete nan lekòl yo ye a. Si w transfere pitit ou a nan yon lòt lekòl atravè Pwogram Chwa lekòl leta Lwa NCLB a, pitit ou a pa p kalifye ankò pou SES etandone li pa p nan yon lekòl SINI Tit I. Pale avèk koòdonatè paran an pou w jwenn plis enfòmasyon osijè SES.

KESYON MOUN POZE SOUVAN : TRANSPÒ

Èske pitit mwen ap jwenn mwayen transpò?

Wi. Pitit ou a ap jwenn mwayen transpò. Elèv ki transfere nan yon lòt lekòl dapre pwogram Chwa lekòl leta Lwa NCLB a ap resevwa mwayen transpò jiska dènye klas yo nan lekòl sa a. Tanpri gade tablo pi ba a pou konprann pwosedi NYCDOE pou mwayen transpò pou transfè ki fèt dapre Lwa NCLB.

Distans pou mache : soti lakay ou pou rive lekòl la	Jadendanfan jiska Klas 2yèm ane	Klas 3yèm ane jiska Klas 6yèm ane	Klas 7yèm ane jiska Klas 12yèm ane
Mwens pase $\frac{1}{2}$ mile	<i>MetroCard</i> pou tout pri trajè a koute	<i>MetroCard</i> pou tout pri trajè a koute	<i>MetroCard</i> pou tout pri trajè a koute
Plis pase $\frac{1}{2}$ mile, mwens pase 1 mile	Otobis jòn lekòl	Otobis jòn lekòl	
Plis pase 1 mile, mwens pase $1\frac{1}{2}$ mile			
$1\frac{1}{2}$ mile oswa plis			

Sonje : Nivo klas elèv ak distans yo abite ak lekòl la se kondisyon pou elèv Edikasyon jeneral kalifye regilyèman pou mwayen transpò. Pa egzanzp, yon elèv Klas 2yèm ane ki transfere nan yon lekòl atravè pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB, epi ki abite plis pase $\frac{1}{2}$ mile men mwens pase 1 mile ak nouvo lekòl la, kalifye pou mwayen transpò Edikasyon jeneral (otobis jòn lekòl la). Lè elèv la ap kòmanse Klas 3yèm ane, l ap kalifye pou yon *MetroCard* gratis pou transpò piblik.

Elèv Edikasyon espesyal ki resevwa sèvis transpò de pòt-an-pòt dapre IEP yo ap kontinye gen mwayen transpò yo rekòmande yo si yo transfere nan yon lòt lekòl atravè pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB.

Si mwen aksepte yon transfè pou pitit mwen an, kilè y ap enfòmasyon m osijè mwayen transpò?

Si w aksepte òf yo fè w la, ou ka kontakte Biwo pou transpò elèv *Office of Pupil Transportation* (OPT) pandan dènye semèn mwa out pou enfòmasyon osijè Otobis jòn yo. Nou mete pi ba a kote nan OPT pou w kontakte pou w jwenn enfòmasyon : Si pitit ou a resevwa yon *MetroCard*, lekòl la ap ba li l nan kòmansman ane eskolè a. Lè w voye tounen Fòmilè Repons Transfè yo ofri w la nan delè yo bay la, sa pèmèt OPT detèmine alè kalifikasyon pou otobis.

E si nou demenaje apre yo transfere pitit mwen an nan yon lekòl atravè Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB?

Si fanmi an demenaje apre yo transfere pitit ou a nan yon lekòl atravè Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB, pitit ou a ap toujou resevwa mwayen transpò dapre IEP li a.

E si pitit mwen kite lekòl yo transfere l atravè Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB?

Yo pa garanti mwayen transpò pou edikasyon jeneral yo bay dapre NCLB a. Si yon elèv kite yon lekòl, l ap gen kalifikasyon pou otobis dapre règleman NYCDOE ki anvigè pou transpò .



Pou lòt enfòmasyon osijè mwayen transpò, kontakte ajan pou Sèvis kliyan OPT nan (718) 392-8855, oswa al sou sit www.nyc.gov/schools/Offices/Transportation

LÒT RESOUS : KI MOUN KI KA EDE M?

Koòdonatè paran nan lekòl pitit ou a se yon resous enpòtan. Ou ka jwenn nimewo telefòn pou lekòl pitit ou a nan sit wèb NYCDOE a (<http://schools.nyc.gov>) oswa lè w telefone 311.

Komite ki reponsab Chwa lekòl leta a travay nan OSE, e li responsab pou aplike pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB a. Nou la pou reponn kesyon w yo, ak pou fè sèten ou jwenn enfòmasyon ou bezwen nan chak etap pwosesis la.

Telefone nou nan (212) 374-5431

Voye yon imèl ba nou nan NCLB_PSC@schools.nyc.gov

Oswa chèche nou sou Entènèt nan www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/ChangingSchools

DFA a gen responsablite pou ede paran jwenn enfòmasyon pou yo vin patnè k ap patisipe yon fason aktif nan edikasyon pitit yo. Nou mete enfòmasyon sou moun pou kontakte nan premye paj Fòmilè Aplikasyon pou transfè.

BEO a responsab enskripsyon, plasman nan lekòl, transfè, ak sipò onivo pwosesis admisyon an. Nou mete enfòmasyon sou kote pou kontakte nan premye paj Fòmilè Aplikasyon pou transfè a.